ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№26 (22.434) ● 2013 гъэм мазаем (февралым) и 13, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Къэралыр зыхуейхэм папщIэ заказхэр хэгъэгъэнымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым теухуауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Къэралыр зыхуейхэм папщIэ заказхэр хэгъэгъэнымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIу гъэувын **Дзыхьмыщ Артур Юрий и къэр.**

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм мазаем и 1-м
№15-УГ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

2013 гъэм мазаем и 6-м №12-РГ

ЩIым екъэIа зэхущытыкIэхэр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щызэхъуэжIыным хуэунэтIа къэрал политикэр зэхэлъхьэн мурадкIэ:

1. ЩIы реформэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щегъэжIыным хуэгъэза Iуэхуэхэр зэхэлъхьэнымкIэ лэжьакIуэ гуп къызэгъэпэщын икIи абы хэтхэр къэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэным эритым хуэдэу.

2. Мы Унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2013 гъэм мазаем и 6-м кыдыгъэкIа Унафэ №12-РГ-мкIэ къыщытащ

ЩIы реформэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм зыгъэкIуэкIыным хуэгъэза Iуэхуэхэр гъэхьэзырынымкIэ лэжьакIуэ гупым

хэтхэр

Марьяш И. Е. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэр *(лэжьакIуэ гупым я унафэщIр)*

Абшаев М. Т. - Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и «Къурш геофизикэ институт» къэрал Iуэхущапи Iэм и унафэщым и къуэдзэр *(эгъэгурыIуауэ)*

Iэщын С. А. - Къэрал мылькыр зехьэнымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и ЩIыналъэ управленэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIр *(эгъэгурыIуауэ)*

Бзэрокъуэ З. Л. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Къэрал мылькымрэ щIы IуэхуэхэмкIэ и министерствэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм ядэлэжьэныр къызэгъэпэщынымкIэ и къудамэм и унафэщIр *(лэжьакIуэ гупым жуаеп зыхь и секретарщ)*

Жанатаев С. А. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIр *(эгъэгурыIуауэ)*

Жэмыкъуэ А. М. - Мылькыр къэралым итхынымкIэ, кадастрымрэ картографиемкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIр *(эгъэгурыIуауэ)*

Къаздохьу А. Б. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр

Маслов Н. А. - «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» ассоциацэм и гъэзэщIакIуэ унафэщIр *(эгъэгурыIуауэ)*

Нэхущ З. А. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр *(эгъэгурыIуауэ)*

Недугов А. Н. - «Мылькыр къэралым итхынымкIэ, кадастрымрэ картографиемкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущапи Iэм и къудамэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIр *(эгъэгурыIуауэ)*

Темиржанов М. У. - ЩIэрэдж муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(эгъэгурыIуауэ)*

Лыхъугу Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щIы IуэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщIр *(эгъэгурыIуауэ)*

Тонконог А. В. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм къэрал мылькымрэ щIы IуэхуэхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Тхьэгъэпсэ Хь. Хь. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ зехьэщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущапи Iэм и Социально-гуманитар институтым философиемкIэ и кафедрэм и профессорыр *(эгъэгурыIуауэ)*

Шал Т. Б. - Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм «КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущапи Iэм щы IуэхуэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщIыр *(эгъэгурыIуауэ)*

● АПК

Проценти 4-кIэ нэхъыбэ

Пэублэу къызэрабжамкIэ, Къэбэрдей-Балкъэрым и хозяйство лIэужьыгъуэ щоми мэкъумэшхэкIыу сом мелард 30-м нэблагъэ и уасэ нэгъабэ къалэжьащ. Ар нпэ ита илъэсым ельытауэ проценти 4,4-кIэ нэхъыбэщ.

АБЫ и процент 21-м щIигъур мэкъумэш Iэнатlэхэм, процент 31-р мэкъумэшщIэ (фермер) хозяйствэхэм, процент 47,5-р уней подсобнэ хозяйствэхэм хуоэз.

Ерыскым елэжь предприятэхэм щагъэхьэзыра продукцэу сом мелард 21,7-рэ и уасэ зэгурыIуэныгъэ зыхуаIэхэм хурагъэщащ. Ар 2011 гъэм яхуэзыгIэкIам хуэдэ 1,6-кIэ щIегъу.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущапи Iэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Ди газетым мазаем и 25 щIондэ Iэ тевдзэмэ, ар ныфIэрыхьэнущ гъатхэпэм и 1-м щыщIэдзауэ.

МазипIым ди газетым и уасэщ сом 237-рэ кIэпIейкIэ 40-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущапи Iэ псоми.

Ди индексыр 51531

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Медицинэм и зы Iуэхущапи зэхуащIыжынукъым

Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм зегъэужьыным ныщIа Iуэхуэхэм щытепсэльыхьым, КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен хэхауэ жиIащ:

«ИЛЪЭС кIуам и кIэухым яхэхуэщIыхьауэ щытащ властым и органхэр псом япэу зэлъкIыхьэу къалытэзэ щIыпIхьэу къалытэзэ теухуауэ. Абы щыгъуэ зэупщIахэм я процент 85,62-м жаIащ узыншагъэр хъумэнымкIэ Iуэхущапи Iэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным, медицинэ Iуэхутхьебзэхэм я фIагъыр къэIэтыным КЪР-м и Правительствэр япэ дыдэу елэжьыпхьэу кыьзэралытыгр.

Абы кыьхэкIыу сэ республикэм и Правительствэм и пщэ ислъхьауэ щытащ цIыхухэм кьагъэлъэгъуа мыхъумыщIагъэхэр гъэзэкIуэжьынымрэ, медицинэм и лэжьакIуэхэм улахуэр зэрырат щIыкIэр гъэтэмэныним.

Иджыпсту муниципальнэ щIыналъэхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ я Iуэхущапи Iэхэр зэгуагъохьэ, зы унафэм щIагъэуву. Абы хуэгъэзауэ республикэм ис псоми яжесIэнэ сыхьеящ: цIыхухэм щеIэзэ зы Iуэхущапи Iэ зэхуащIыжынукъым. Мы зэхъуэкIыныгъэр зыхуэунэтIар юридическэ IэнатIэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэныр. Псальэм папшIэ, кьуаажьэм щыIэ амбулаторэхэр сыт щыгъуи хуэдэу кьуажьдэсхэм я теIэжьэнуп, ауэ абыхъэм я финанс, хозяйствэ Iуэхуэхэр районсымаджэщхэм, поликлиникэхэм зэрагъэкIуэнущ, абыхэм я унафэм кьуажьэхэм щыIэ медицинэ Iуэхущапи Iэхэр, зэрыщIагъэувэм кьыхэкIыу. Апхуэдэу медицинэм и лэжьакIуэхэм я бжыгъэм кIрагъэхунукъым. Лей хьу Iэщапи Iэхэм, псом япэу дохутырхэм, папшIэ дэ «2013 - 2017 гъэхэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я зэфIэкIыным хэгъэхьуэныр» республикэ программэ хэхам тету курс щхьэхуэхэр кьызэдгъэпэщынущ. Узыншагъэр хъумэнымкIэ Iуэхущапи Iэхэр зэрызэгъэхьэжьым кьыхэкIыу IэщагъэлIэхэр, медицинэ Iэмэпсымэхэр, мылькыр нэхъ сэкIэ пылъу кьагъэсэбэпу щIадзэнущ. Амбулаторэхэм хуаутIыпщахьышэм хэхьэнущ. Апхуэдэу 2013 гъэм, 2014 - 2015 гъэхэм я лъэхъэнэм КъБР-м и республикэ бюджетым медицинэм и лэжьакIуэхэм улахуэу яратын папшIэ щыхухах ахьышэм хагъэхьауащ».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапи Iэ.

● Видеоконференц

Электрон Iэмалхэр къызэрагъэсэбэпынум топсэлъыхь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Марьяш Ириндэ хэтащ Урысей Федерацэм связымрэ хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ и министр Никифоров Николай мэрем кIуам иригъэкIуэкIа видеоконференцым. Ар теухуауэ щытащ Урысей Федерацэм и къэрал Iуэхущапи Iэхэр зэдаIэжьэн папшIэ электрон Iэмэпсымэхэр къызэрагъэсэбэпым.

ЗЭIУЩIЭМ и ужькIэ абы хэтахэр хэпльащ электрон Iэмалхэр кьагъэсэбэпынымкIэ КъБР-м щыIэ гугъуехьхэм икIи ахэр зэрыдагъэкIыну щIыкIэр яубзыхуащ. КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм электрон Iуэхутхьебзэхэмрэ управленэм и системэхэмкIэ и департаментым и унафэщI Чочаевэ Марьям зэрыжиIамкIэ, 2012 гъэм республикэм щызэфIагъэкIащ къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьебзэу 92-рэ щIыхуэхэм яхуэщIэным и лъэныкъуэкIэ зыхуеину электрон лъабжьэхэр зэтегъэувэныр. НэгъэущIу жыпIэмэ, апхуэдиз къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьебзэхэр зэфIагъэкIын папшIэ къэрал органхэр зыхуеину бжыгъэхэмрэ IуэхуэхэмкIэ зохъуажэ, электрон Iэмалхэр кьагъэсэбэпурэ.

2012 гъэм и пэщIэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэIуахащ «Къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьебзэхэр зэфIагъэкIыным елэжь центр» япэ Iуэхущапи Iэр. Дэтхэнэ зы щIыхуэми, а зы Iуэхущапи Iэм фIэкI мыкIуэу, къэрал, муниципальнэ Iуэхущапи Iэу 145-рэ кьиныбжьебэныфынущ. Къэрал Iуэхутхьебзэ псори электрон Iэмалхэр кьагъэсэбэпурэ зязэжьу щIадзэнущ 2014 гъэм и щIышылэ мазэм щегъэжьауэ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ,
КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ-эксперт нэхъыщхьэ.

Хамэ къэралхэм ахъшэ щаIэну хуиныбгу

УФ-м и Президент Путин Владимир Къэрал Думэм кьыщыхилъхьащ кьулыкъущIэхэм хамэ къэрал ахъшэ хъумапIэхэм счетхэр щаIэну хуит зымыщI законопроект.

Абы щIкъ иткIэ, къэрал-лым и щхьэхуитныныгъэмрэ и шынагъэншагъэмрэ ехьэлIа унафэхэр кьащтэныр, УФ-м экономикэ и лъэныкъуэкIэ и сэбэн зыхэлъхэм кьыщыхэщыжыныр зи пщэ кьыдэхуэ кьулыкъущIэхэм паубыдынущ хамэ къэрал банкхэм ахъшэ щаIэну, нэгъэущI хэкуэм я къэрал банкхэм тхьылампIэ лъапIэхэр кьагъэсэбэпыну.

НэгъэущIхэм жаIэхэр зыкIи къармыдзэу

КНДР-м ядеркэ Iэшэ зэрыщагъэунэхуар Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм ШынагъэншагъэмкIэ и Советым и резолюцэр къызэрызыуду кьиныгащ Ядернэ энергетикэмкIэ дунейпсо агентствэм (МАГАТЭ-м).

Къэрал куэдым абы теуха я Iуэху еплыкIэр зыкIи кьрамыдзэу яка а лъэбакъуэм зи гъунапкъэхэр Корее Ищхьэрэм кьеуалIэхэм я мызакъуэу, дунейм и щIыпIэ куэдым щыпсэуэхэри игъэгуэващ. Япониеми, Корее Ищхьэрэми, езы къэралми щыпсэуэхэм гъэунэхуныгъэхэр кьаэрыщыхьуар щIыр хъеяуэщ, сыту жыпIэмэ абыхэм зыри хашIыкIакъым щIы щIагъым иджы ещанэу «бомбэ щIыкIу» зэрызыщагъэуам.

Корее Ищхьэм и IэщIагъэлIхэм кьызэралытатмкIэ, ядернэ бомбэм килотоннитI 6 - 7-м хуэдиз кьаруиIащ. Къэхъуамрэ абы кьрикIуэнкIэ хъунымрэ кьралхэр тепсэлъыхьыху, КНДР-м и унафэщIхэм хъыбарегъащIэ Iуэхущапи Iэхэм зэбгрыгъэхащ Iуэхур хъарзынэу кьаэрехьулIар, апхуэдэ гъэунэхуныгъэхэр мызэ-мытIэу дяпэкIи ирагъэкIуэкIыну зэрамрадж.

ХэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ

Технологиещ Iэхэр щызэхалъхьэ «Сколково» центрым сом мелуан 24-м нэблагъэ хэщIыныгъэ иратауэ къыщIагъэщащ.

Центрым финансхэмкIэ и департаментым и унафэщI Луговцев Кириллрэ «Сколково» компаниемрэ и директор нэхъыщхьэ Хохлов Владимиррэ ягъэкъуаншэ Iуэхущапи Iэр щылажьэ унэр бэдзэнду къыщащтэм, ар щызэрагъэпэщыжым хабзэр яхуэзэпаудауэ. А лэжьыгъэхэм теухуауэ зэрапIэщIа зэгурыIуэныгъэм къызэрыхэщыжьыкIэ, унэм и бэдзэнду пIащIэу ильэсищ дызыхуэкIуэм ейр и пэ ит Iахащ, Iуэхум зэхуэмыхуныгъэ гуэрхэр кьыхэкI хъужьыкъуэрэ ильэсы 140-рэ ирокъу.

Сергей Адаурэ Iуф-м щIыхь зиIэ и артист **Кукэнэ Мурат** и ныбжьыр ильэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэзс къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 5, жэщым 2 - 3 щыхьунущ.

Зыгъэхъэзырар ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Мариэтэ.

● КъБР-м и Iэтащхьэ

Нэхъ зэIухауэ лажьэ щIынальэ унафэщIхэм ящыщщ

«МОНИТОРИНГЫМКIЭ лъэпкъ къулыкъущапи Iэм» УФ-м и субъектхэм я Iэтащхьэхэм я медиа-рейтингыгъ 2013 гъэм и щIышылэ мазэм тещIыхьам кьыэзэрегъэльагъэмкIэ, КъБР-м и Iэтащхьэм нэгъабэ и дыгъэгъазэм иныгъа 48-нэ увыпIэм и пIэкIэ 6-нэ увыпIэм нэху зиIэтащ. Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округыгъ хинубыдэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм ящыщу Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэ Кадыров Рамзан 19-нэ увыпIэр, Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм и Iэтащхьэ Мамсуров Таймураз 26-нэ увыпIэр, Ставрополь крайм и губернатор Зеренков Валерий 36-нэ увыпIэр, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид 67-нэ увыпIэр, Дагыстэн Республикэм и Iэтащхьэу щыта Магомедов Магомедсалам 75-нэ увыпIэр яIыгъ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапи Iэ.

Налшык и хъуреягъыр къэзыкIухь гъэзэгу

КъБР-м и Правительствэм и мурадщ Налшык и хъуреягъкIэ къэзыкIухь гъэзэгур зэращIыну проектыр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и пащхьэ зэман гъэунэгъум кьриубыдэу иритъхьэну. А гъэзэгу сэбэн хъунущ республикэм и кьалащхьэм и уэрамхэм щызекIуэ автомашинэхэр гъэмэщIэныжьмкIэ.

МЫ ПРОЕКТым щыхэпльащ КъБР-м транспортымкIэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкIэ и министр Дышэкl Асльэн, Налшык кьалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Кладько Игорь, Iуэхум кьеГъэщIыпIа ведомствэ зыбжанэм я унафэщIхэр хэту республикэм и Правительствэм и Унафэщ Хьэсанэ Руслан иригъэкIуэкIа зэIущIэм.

Проектым и Iыхьэ нэхъыщхьэр зытеухуар Идарым и уэрамым щекIэу Северněэ уэрамым екIуалIэ, адэкIэ аэропортым кьыпекIуэкIыну 3-нэ Промышленнэ дэкIыпIэм пыувэк гъэзэгу укъуэдиныныр. Абы иткIэ, щIэуэ яухуэн хуеиц Къэбэрдей уэрамым щегъэжьауэ Северněэ уэрамым нэс кIуэ Iыхьэр. Мы проектым кьызэрыщыгъэтъэгъуам хуэдэу гъэзэгур яухуэмэ, Идарым и уэрамымрэ Къэбэрдей уэрамымрэ щызекIуэ транспортыр нэрылъагъуу нэхъ мащIэ хьунущ. ЗэIущIэм хэтахэм мы проектыр кьеозгъыну кьаты ытащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщ Налшык хъуреягъэ кьыдекIуэкI гъэзэгу уухэм хуейуэ кьызэриты ытэр республикэм и транспорт комплексым зегъэужьынымкIэ теухуа нужьрей зэIущIэхэм ящыщ зым Къэкуэн щыжиIауэ зэрыщытар. Абы щыгъуэ республикэм и Iэтащхьэм кьаIэну кьитIэуващ псом япэу кьалэ кIуэщым автомашинэхэр щызэтримыхьэн папшIэ зыхуеину Iуэхуэхэр ялэжьыну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапи Iэ.

● Хъыбар гуапэ

«Тажышхуэ» зэпеуэм и жэз медалыр Мудрэным къехь

ДзюдомкIэТажышхуэ» зэпеуэр Франджым и къалащхьэ Париж иджыблагъэ щекIуэкIащ.

МАЗАЕМ и 9-м щIэзыдза зэхъэзэхуэм и япэ махуэм утыку кьихьащ Мудрэн Беслъэн. Килограмм 60 зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм абы зэкIэлъхьэжьу щыхигъэщIащ Къэзахъстаным щыщ Коссаев Еркебулан, Узбекистаным икIа Уроэбоев Диорбэч, куржы Папинашвили Амиран сымэ. Адыгэ щIалэр кьыхэзыгъэщIэфар иужькIэ зэхьэзэхуэм щытекIуа япон Такатэ Наохисэщ.

Ещанэ увыпIэм щыщIэбэна финал щIыкIуэ Мудрэныр щефIэкIащ хэгъэрейхэм ящыщ франджы Милу Софиан. Арати, «Тажышхуэ» зэпеуэм и жэз медалыр зыIэригъэхьащ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм бэна Хьэбэчыр Мурат иубыдыфар епIанэ увыпIэр икIи медальнщэу кьэнащ. Ар хэтащ килограмм 81-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Республикэм исхэм гу зылъатапхъэ

«Урысей зэхъуэт» партым и тхьэмадэм щIыхуэзм щахуэзэ и жылагъуэ щIыналъэ Iуэхущапи Iэм и чэнджэщапIэ центрым щIыхуэхэр ирегъблагъэ сабий зеиншэхэр, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу кьэна сабийхэр зэрызэрашэлIэж хабзэхэм, апхуэдэ сабийхэр, сабий ныкъуэдыкъуэхэри яхэту, зэзышэлIэжахэм, зи жьауэм щIэтхэм хуагъэув льготэхэр зыхуэдэм щыгъуазэ ящIын папшIэ.

Мы Iуэхум пыщIа чэнджэщхэр иратынущ 2013 гъэм мазаем и 22-м сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 17 хъуху.

Адресыр: Налшык къалэ, Лениным и уэрам, унэ №48.

Телефоныр: (8662) 77-00-40.

Зи нэхъыжь єдаIуэ и Iуэху мэкIуатэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

«Псоми къагъэсэбэп автомобиль, къалэ щIыбхэм кIуэ гъущI гъуэгу, электрическэ пассажир транспортым теухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхугъэ»

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. «Псоми къагъэсэбэп автомобиль, къалэ щIыбхэм кIуэ гъущI гъуэгу, электрическэ пассажир транспортым теухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхугъэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Законыр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуэ щIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м
№1318-П-П

«Псоми къагъэсэбэп автомобиль, къалэ щIыбхэм кIуэ гъущI гъуэгу, электрическэ пассажир транспортым теухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым къыщитащ 2012 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м

1 статья. «Псоми къагъэсэбэп автомобиль, къалэ щIыбхэм кIуэ гъущI гъуэгу, электрическэ пассажир транспортым теухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон №44-РЗ-м, 2001 гъэм накъыгъэм и 25-м къащтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 7-нэ статьяр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхъын:

«**7 статья**. Пассажирхэр къешэжIныкIэ ягъэува хабзэхэр зэрагъэзащIэм зэрыкIэлъыплъыр

Къэрал контрактхэм япкъ иткIэ, маршрут пыухыкIахэм тету цIыхухэр къезышэжIхэм, абыхэм цIыху щхьэхуэхэмрэ автовокзалхэмрэ яхэту, ягъуэва хабзэхэр зэрагъэзащIэр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым пассажирхэр къешэжIхэм я къыщIэнэщыгъэ, ягъуэва хабзэхэр зэрагъэзащIэр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым пассажирхэр къешэжIныкIэ къызэгъэпэщыныжмкIэ полномочиехэр зиIэ и органым къепщытэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и законодательствэм щыгъуэва хабзэм тету.».

2. 10-I-нэ статьям и Iыхьэ 1-м хэт «цIыхухэр къезышэжI лэжьакIуэ» псалъэхэм «ягъэбелджыла маршрутхэм тету пассажирхэр кьришэжIыну хуитныгъэ зиIэм» жиIэу, «къезышэжIхэм» псалъэм кIэлъыкIуэу «апхуэдэу IэнатIэм хуэмыщIа лэжьакIуэм, маршрутым тету пассажирхэр кьришэжIыну хуитныгъэ зрамытам, Iуэхутхьэбзэхэр хуащIэну» жиIэу дощIыгъужьи.

3. 11-нэ статьям хэт «полномочие зратам» псалъэм и пэ къихуэу дэщIыгъужьи «пассажирхэр къешэжIкIныныр къызэригъэпэщыну» жиIэу.

4. 15-нэ статьям:

1) «в» пунктыр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхъын:

«в) эпымыуэу цIыхухэр кьыщрашэжIыну маршрутхэр убыхуныжрэ ахэр гъэлэжьэныжмкIэ, дэтхэнэ маршрутми щыгъэфIагъэжIыну пассажирIуэхутхьэбзэхэм я куэдагъыжрэ фIагъымрэ зэтегъуэрыжмкIэ, пассажирхэр къезышэжIныхэм хуагъэувэжр зэхэлъхьэныжмкIэ, маршрутхэм я квотхэхэр, къагъэсэбэпыну транспорт лIэужьыгъуэхэр къащтэжмкIэ хуиныгъэ етыным теухуа зэпеуэжр кьызэрегъэпэщ икIи иregъэкIуэкI.»;

2) «д» пунктым къару имыIэжу къэлыгъэн

3) «м» пунктыр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхъын:

«м) законодательствэм кьызэригъэувым тету маршрутхэм я паспортхэр къещтэ икIи транспортыр зэрызекIуэну щIыкIэр зэрегъэуIу.».

5. 24-нэ статьям и Iыхьэ 3-м и япэ абзацым хэт «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым щIыхуэм транспорт Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэныжмкIэ и органым» псалъэхэр зэхъуэкIын «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым пассажирхэр къешэжIныр кьызэгъэпэщыныжмкIэ и органым» жиIэу.

2 статья. Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщыдгъэзащ махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м
№87-РЗ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм щIышылъэм и 10-м №6-рп

Медицинэ дэIэпыкъуныгъэр кьызэрагъэпэщыр егъэфIэкIуэн, узыншагъэр хуэмэным и Iэнатlэм щыхэфIагъэкI Iуэхутхьэбзэхэр гъэтэжмэн, апхуэдэу узыншагъэр хуэмэным и Iэнатlэм финансэр зэгъэзэхуауэ кьыщыгъэсэбэпын мурадкIэ:

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щызэфIагъэкI медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр нэхъ езэгъырабгъуу икIи нэхъыфIу зэтегъуэвнымкIэ лэжьакIуэ гупым хуэзгъэпэщын.

2. Къэщтэн мы Унафэм щIыгъухэу:

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щызэфIагъэкI медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр нэхъ езэгъырабгъуу икIи нэхъыфIу зэтегъуэвнымкIэ лэжьакIуэ гупым хэтхэр;

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щызэфIагъэкI медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр нэхъ езэгъырабгъуу икIи нэхъыфIу зэтегъуэвнымкIэ лэжьакIуэ гупым теухуа Положенэр.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Портэ Г. I.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ХЪЭСАНЭ Руслан

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм щIышылъэм и 10-м кIыдигъэкIа Унафэ №6-рп-мкIэ къыщитащ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щызэфIагъэкI медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр нэхъ езэгъырабгъуу икIи нэхъыфIу зэтегъуэвнымкIэ лэжьакIуэ гупым

хэтхэр

Портэ Г. I. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр *(лэжьакIуэ гупым я унафэщIу)*

Боттаев Хь. Б. - «Къалэ клиникэ сымаджэщ №2» узыншагъэр хуэмэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэр

Гаевэ А. А. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм узыншагъэр хуэмэнымрэ курортхэмкIэ и министрым и къуэдзэр *(лэжьакIуэ гупым я секретарыр)*

Жамборэ Н. М. - Нарткъалэ и «Центральнэ» район сымаджэщу» узыншагъэр хуэмэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и дохутыр нэхъыщхьэр

Индрокъуэ С. Б. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Узыншагъэр хуэмэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и «Республикэ сабий клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хуэмэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм сабий хирургpicмкIэ и къуэдзэм и унафэщIыр

Ижыжокъуэ С. М. - Узыншагъэр хуэмэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмрэ я Iэнатlэм кIэлъыплъныгъэ щегъэжIуэкIыныжмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Къэкъэр Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Узыншагъэр хуэмэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хуэмэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и дохутыр нэхъыщхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэр

Кьанокъуэ А. А. - ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховани и щIыналъэ фонду Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Къаскъул А. Ф. - Налшык къалэ округым и «Къалэ поликлиникэ №1» узыншагъэр хуэмэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и дохутыр нэхъыщхьэр

КIуэкIуэ А. Н. - Урысей Федерацэм Къэрал КIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм и «Налшык» санаторэ» узыншагъэр хуэмэнымкIэ федеральнэ кIэзонэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Кудаев Щ. С. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Узыншагъэр хуэмэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хуэмэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и дохутыр нэхъыщхьэм цIыхухэм еIуэзэнымкIэ и къуэдзэр

Каркмазовэ Л. Хь. - Къэщкъэтау посёлкэм и «Район сымаджэщ» узыншагъэр хуэмэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и дохутыр нэхъыщхьэр

Тау Т. П. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Узыншагъэр хуэмэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и «Республикэ эндокринологие центр» узыншагъэр хуэмэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и дохутыр нэхъыщхьэр

Тембот Л. Б. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Узыншагъэр хуэмэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и «Перинатальнэ центр» узыншагъэр хуэмэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм обсервацэмкIэ и къуэдзэм и унафэщIыр

Хутуевэ С. Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Узыншагъэр хуэмэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и «Аллергологие дэIэпыкъуныгъэ хэха кьызэгъэпэщыныжмкIэ центр» узыншагъэр хуэмэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и дохутыр нэхъыщхьэр, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм узыншагъэр хуэмэнымкIэ, демографие политикэмрэ экологиемкIэ и комиссэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Щэрдан Н. А. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Узыншагъэр хуэмэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и «Кардиологие центр» узыншагъэр хуэмэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и дохутыр нэхъыщхьэр

Шэу И. М. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм узыншагъэр хуэмэнымрэ курортхэмкIэ и министрыр

Шустовэ А. Г. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и чэнджэщэгъуэр

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм щIышылъэм и 28-м №51-1-рп

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм узыншагъэр хуэмэнымкIэ и къэрал Iуэхущ1апIэхэм я ахъшэр тэмэму икIи зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпэн хуэм папщIэ:

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм узыншагъэр хуэмэнымкIэ и къэрал Iуэхущ1апIэхэр зыхуеиныхэр зэгъэуIуауэ къэщхьунымэ хуэгъэза Iуэхухэр зэхэлъхьэныжрэ гъэзэщIэныжмкIэ лэжьакIуэ гуп кьызэгъэпэщын мы къыкIэлъыкIуэхэр хуту:

Нэгей Р. Н. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм узыншагъэр хуэмэнымрэ курортхэмкIэ и министрым и къуэдзэр *(лэжьакIуэ гупым я унафэщIу)*

Абазэ Хь. М. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Узыншагъэр хуэмэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщIыр

Атэлыкъ А. А. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщIыр

Бгъжьнокъуэ З. М. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм узыншагъэр хуэмэнымрэ курортхэмкIэ и министрым и къуэдзэр

ГъунжафIэ М. Л. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Къэралыр зыхуеиныхэм папщIэ заказхэр хэгъэзэнымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэр

Калабеков А. М. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и къуэдзэр

КIэрэф В. Т. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховани эмкIэ и щIыналъэ фондым и унафэщIым и япэ къуэдзэр

Къуэщ1ысокъуэ З. Л. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и къэрал-правовой управленэм и унафэщIыр

Къумыкъу А. Г. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я IуэхугъэмкIэ Управленэм хъыбарегъащIэ технологиехэмкIэ и департаментым Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и порталыр зехьэныжкIэ и къудамэм и унафэщIыр.

2. Лжьакъуэ гупым яхуэгъэувын 2013 гъэм мазаем и 1-м нэсыху:

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм узыншагъэр хуэмэнымкIэ и къэрал Iуэхущ1апIэхэр зыхуейхэр къэщхэунымкIэ и къэрал Iуэхущ1апIэхэр зыхуейхэр къэщхэуныр, зэгъэуIуныжмкIэ лэжьапхъэхэр ягъэхъэзыру кьыхалъхьэну.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм узыншагъэр хуэмэнымкIэ и къэрал Iуэхущ1апIэхэр зыхуейхэр къэщхэуныр, зэгъэуIуныжмкIэ лэжьапхъэхэр ягъэхъэзыру кьыхалъхьэну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Портэ Г. I.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ МАРЬЯШ Иринэ

● ЗэIущIэхэр

КIуэ пэтми зеужь

Урысейм Тэзырхэр ирегъэхьэхIыныжмкIэ и федеральнэ къулыкъум и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм 2012 гъэм я лэжьыгъэм къримкIуэхэр щызэхалъхьэжащ, щыIэ гугъуэхьхэр ягъэнаIуэри, абыхэм я хэкIыпIэхэр аубыхуащ.

ЗэIущIэм кьрихьэлIащ Урысей ФСИН-м и унафэщIым и япэ къуэдзэ, хуасэр кIуэцI кьулыкъум и генераллейтенант **Пятрухин Эдуард,** федеральнэ инспекторыр КъБР-м щыIэ **Канунников Владимир**, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэт **Бечелов Ильяс**, КъБР-м щыхуэм и хуитныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис**, республикэм и Парламентым законностымкIэ, хабзэмрэ жылагъуэ щынагъэныщагъэмкIэ и комитетым и унафэщI **Бэшорэ Хьэмид** сымэ, республикэм и хабзэхьумэ IэнатIэ-хэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Урысейм Тэзырхэр ирегъэхьэхIыныжмкIэ и федеральнэ къулыкъум и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Федоров Василий** я лэжьыгъэм кьрихIуахэм къытеувыIащ, гуэнэхь зыпсыпытапхъэхэр кьыхигъэщащ. Абы зэрыжиIамкIэ, щэч зыхуащIу, Iэгъэкъуаншэу, ягъэтIысауэ 2263-рэ я нэIэм щIэтащ. Тэзырхэр щагъэзэжкIуэж IэнатIэхэм къыщIыхутахэм я процент 60-р ягъэтIысащ щIэпхъаджагъэ хьэпъэ е хьэпъэ дыдэ зэралэжьам бюджетым кIуэ. Суд зытращIыхьахэм ящыщу процент 40-р етIуанэу, нэхъыбэрэ къыщIэхъуахэрщ. Тезырыр езыхьэкIэм ящыщу процент и 80-р социальнэу жыджэрщ (илъэс 25 - 55-рэ ныбжьым хиубыдэхэрщ). Иужьрей илъэсхэм УФСИН-м и IэнатIэм зегъэужьын» федеральнэ программэр. Следственнэ изоляторыр зэрагъэпэщыжащ, хабзэмебжъуахэу зи суд ящIахэр щаIыгъ корпусхэр яухуэ. Проценти 2,5-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ ягъэтIысахэм ящыщу сымаджэ хъур, 810-м IэщIагъэ зрагъэжъуэтащ.

Федоров Василий фIыщIэ яхуищIащ хабзэмебжъуахэр гъэзэгу захуэм тешэжьныжмкIэ щIэгъэжьэуэнышхэу кьахуэхьу КъБР-м и Муслъымэн дин Iуэхущ1апIэм, Урыс православнэ члисэм, адрей дин Iуэхущ1апIэхэм я лIыкIуэхэм.

Гугъуехьхэм ящыщу гуп ныкIэ зыхуэущIыпхъэхэм я гугъу щищIым, Федоров Василий кьыхигъэщащ я Iуэхущ1апIэхэр хъумэн, шэч зыхуащIу, Iэгъэкъуаншэу абыхэм щаIыгъэхэм якIэлъыплъын, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэн папщIэ зыхуэныкъуэ IэмэпсымэхэмкIэ кьызэгъэпэщын, я нэIэм щIэтхэм я сэбэп зыхэлъхэмрэ я хуитныгъэхэмрэ хъумэн, а псоми къадэкIуэу, я лэжьакIуэхэм я Iэщ1агъэм хагъэхъуэн зэрыхуейр.

Зэрыщыту къэралым и тутнакъэщхэм щыIэ криминогенщыгъуэ1эм и гугъу щищIым, Петрухин Эдуард кьыхигъэщащ, ар гугъуу кьызэрыпсэжыр. «Башкириемрэ Копейскрэ кьыщыхьуахэр кьэлплъэтэмэ, тезырыр езыхьэкIэм щIэпхъуэжьын мурад зиIэхэр зэрахэтыр, зэгурыIуауэ хабзэр ямыгъэзэщIэныр къыхощ. А псоми къадэкIуэу, СМИ-м гулыитэ хуищIакъым мыпхуэдэ Iуэхум: Колейск щагьгъ цIыху 1400-м ящыщу 800-р лIыукI ерухэщ. ЩIэпхъаджащIэхэм я пашэхэм езыхэм я хабзэ ягъэувыжыну хэтащ, аршхьэкIэ кьайхьулIакъым. ИтIанэми, абыхэм я гуращэр кьызыпагъэIуIуIащ икIи нэхъри набдзэгубдзаплъэу, сыт хуэдэ щытыкIэми хуэхьэзыру щытын хуейщ», - жиIащ генерал-лейтенантым.

ЗэIущIэм кьыщыпсэльэхэм УФСИН-м кIуэ пэтми зэрызижьыр, ехъулIныгъэхэр зэрызыIэпрагъэхьэр жалащ, ныкъусаныгъэхэми гу лърагъэтащ. Псалъэм папщIэ, нэгьабэ СИЗО-хэм хуит ямыщI хьэпшыпхэр зэрыдахьым кьыхэкIыу административнэ Iуэху 33-рэ къаIэтащ.

А псоми къадэкIуэу, зэманым и гугъуехьэхэр кьыщыхагъэщащ зэIущIэм. БлэкIа ильэсхэм ялэжьа щIэпхъаджагъэхэмрэ иджыдейхэмрэ зэригъапщу Бечелов Ильяс жиIащ ахэр кIуэ пэтми нэхъ IейI зэрыхъур. Сенаторым убзыхуауэ зэдэлэжьныгъэ кьихилъхьащ, практикэмрэ ипэжьыпIэкIэ щIыгъэмрэ къагъэув хабзэгъэуцу жардымкIэ ФедерацэмкIэ Советым щытепсэлъыхьыну кьыщыхихуну зэрыхьэзырыр кьыхигъэщащ.

Тезырхэр ирегъэхьэхIыныжмкIэ федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэ нэхъыфIэм ведомствэ дамыгъэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхьилъхэр ирагъащ. Я пашэмрэ щыгъэIэрагъахьа ехъулIныгъэхэм папщIэ, КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхьилъхэр хуагъэфащащ Шал Аслъэнрэ Никитин Николайрэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● КъБР-м и Пенсэ фондым

Зы мазэ иIэжу

Дызэрыщыгъуазэщи, Урысейм пенсэ ныбжьыр цIыхубзхэм я деж ильэс 55-рэ, цIыхухьухэм - ильэс 60 щохьу.

ДЭТХЭНЭ зыри хуитщ и пIалъэр кьызэрысу лэжьыгъэ пенсэр иригъэтъувын щхьэхIэ, щыхуей дыдэм пэрыуэнщэу УФ-м и Пенсэ фондым зыхуигъэзэну. ЖьыгъэкIэ лэжьыгъэ пенсэ зэрыхуагъэув тхьилъыр щыналъэ кьудамэм щыIахьинщ абыкIэ иIэ хуитныгъэм кьару щигъуэтынум зы мазэ иIэжу.

Зыхуеину тхьилъхэр и чэзум гъэхьэзырыным мыхьэнэщхэу иIэщ:

- зищIысым, и ныбжьым, щыпсэу щIыпIэм, зыщыщ къэралым теухуа тхьилъхэр: Урысей Федерацэм и цIыхум и паспортыр (УФ-м и цIыхум папщIэ), щыпсэуну зэрыхуитымкIэ тхьилъыр (хамэ къэралхэм я цIыхухэмрэ гражданствэ зимыIэхэмрэ ехьэлIауэ) е гражданствэм теухуа нэгъуэщI тхьилъхэр;

- фIжьыпIэ зимыIэ пенсэ страховани и щIыхьэт тхьилъыр;

- фIжьыпIэ зимыIэ пенсэ страховани и Iуэхущ1апIэм щатхьи и пэ кьихуэу зэрылэжьа зэманыр зыгъэбелджылы тхьилъхэр (нэгъуэщIу жыпIэмэ, пенсэ страховани и страховой тхьилъыр кьратыху зэрыпIэжьа пIалъэм и щIыхьэт тхьилъыр).

Хуей хьумэ, мыпхуэдэ тхьилъхэр дышIатIу:

- 2002 гъэм щIышылъэм и 1-м и пэ кьихуэу сыт хуэдэ мазэ 60 зэкIэльыкIуэм и дэтхэнэ зыми хуэзэу ику иту кьыпэжьар зыкуэдизым теухуар;

- мылажьэфыну и унагъуэм искэм я тетухуар;

- мылажьэфу и унагъуэм щипIыжьхэм я тетухуар;

- зэрыныкъуэдыкъуэмкIэ щIыхьэт тхьилъыр;

- унагъуэр зыпIыр дунейм зэрехьыжамкIэ щIыхьэт тхьилъыр;

- и пIалъэр кьэмысу лэжьыгъэ пенсэ хуагъэувыну хуит зыщI Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыIутамкIэ тхьилъыр;

- ягъэув пенсэ лIэужьыгъуэм теухуа нэгъуэщI тхьилъхэр.

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балкъэр Iуэхущ1апIэмрэ абы и кьудамэхэмрэ я Iэщ1агъэлIэр а тхьилъхэм хэплъэнущ, ягъэув пенсэ лIэужьыгъуэр зыхуэдэм елытагъэ щхьэхуэу фы зыхуеину тхьигъэхэм фыкагъэзыгъуэзэнущ.

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балкъэр кьудамэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщ

«Азау» бгы-лыжэ гъуэгум иджыблагъэ къыщыхъуа гуэзэвэгъуэм щхьэкIэ Iуащхьэмахуэ куейм и Iэтащхьэ Малкаров Аслъэн Терскол зэIущIэ щригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ куейм щыIэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, «Iуащхьэмахуэ зыгъэпсэхупIэ» акционер зэгухьанигъэм, Эльбрус къуажэ администрацэм я лIыкIуэхэр.

● Iуащхьэмахуэ щIынатIэ

IУЭХУР къыщыхъуар мазаем и 6-рщ. «Азау» и бгы-лыжэ гъуэгум «Iуащхьэмахуэ зыгъэпсэхупIэхэр» ОАО-м и уэсырыкIуэ машинэр жьэхэуауэ бгы къежэхыкIэм зезыгъэсэну къаша школакIуэ цIыкIум. Фэбжь зыгъэта Кочкаров Таулан республикэм и клиникэ сымаджэщым и реанимацэм щIэлъщ. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, ар нэхъыфI къэхъужащ.

А Iуэхум щыхэплъэм, «Iуащхьэмахуэ зыгъэпсэхупIэхэр» зэгухьэныгъэм и генеральнэ унафэщI Беккаев Хьисэ пщэрылъ щащIащ мазаем и 11 пщIондэ Iуэхум и пэжыпIэр зэхигъэкIыу, адэкIэ апхуэдэ гуэзвэгъуэ къызэрымыхъун Iэмалхэм егупсысын хуейуэ.

Эльбрус къуажэм и администрацэм и унафэщI Кьардэн Узеир къуажэм цIыхуу дэсыр зэхуишэсу, я шынагъэншагъэр кьызэрэпэща зэрыхъунымэ тепсэлъыхьын хуейщ.

ЗэкIэ унафэу ящIараци, «Азау - Мир» бгы-лыжэ гъуэгум уэсырыкIуэ машинэхэр сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 30 хуэхъу техьэну хуиткъым.

Фэбжь зыгъэта сабийм и узыншагъэр зэрIэпэвэжьыным текIуэдэу псори езы акционер зэгухьэныгъэм и пщэ дилъхьэжащ. КIапсэ гъуэгухэр сыхьэти 9-м щыщIэдзауэ сыхьэт 16 хьуху аэжьэнущ.

ТАРИМ Алисэ.

Дэ къытхуатх

Хэку зауэшхуэм и гъуджэ унагъуэ

Си хъыбарыр зытеухуа Джэдгъэф Жамырзэ МатIу и къуэр Бахъсэн куейм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм лэжьыгъэр фIыуэ щалъагъу мэкъумэшыщIэ унагъуэм 1875 гъэм къыщалъхуащ.

И АДЭМ и гъусэу лэжьэн щIэзыдза щIалэщIэм пасэу куэдым хищIыкI хъуащ.

1909 гъэм къуажэ молэ, Хьэтэжьыкъуэпщхэм я чэнджэщэгъу Шэфий Мысхьуд-ефэндым ипхъу Фанисэ щхьэгъусэу къиишащ. Унэ ухуэныр иухыу щхьэхуэу тIысыжагъащIэу Жамырзэ и къуэ пажэр къыхуалъхуащ. 1922 гъэм ирихьэлIэу абы бынибл иIэ хъуащ. 1930 гъэм Жамырзэ и унагъуэр и гъусэу колхозым хыхьащ. 1941 гъэм ахэр хуэкъулейуэ псэу хъуати, къафIэмыIуэхущэу мэкъумэшыщIэ жылагъуэ дэIэпыкъуныгъэм нартыху тонн 18, мэлипщI, нэгъуэщI-къинэмыщIхэмкIи хьэлэлу дэгуэшащ.



Жамырзэ
(1875 - 1943)

Шэфий Фанисэ (ФатIимэт)
(1880 - 1944)

ЖыпIэнуракъэ, Жамырзэ и унагъуэр нэрылъагъуу ефIакIуэрт, хэхъуэ яIэт, я жьэгум гуфIэгъуэр дэкIыртэкъым. Хъыджэбзхэр зэкIэлъхьэпыту унагъуэ хъарзынэхэм яшащ, я къуэ нэхъыжьым къишащ, адрейхэми ар я мураду, Хэку зауэшхуэр къэхъейри, зыпэмыплъа куэд къахуихьащ. Хэкупсэу къэтэджа щIалитхури зауэм дэкIащ, унагъуэ ихьа хъыджэбзхэр я адэ-анэхэм япэжыжьэт. ЛIыжь-фызыжьымрэ нысащIэ цIыкIумрэ унэ нэщIым я закъуэу къыщIэнат. ЗэщхьэгъуситIым ягъэса бынибым гъащIэ гъуазэу яIэр я адэм и псалъэ Iущхэрт: «Уи дин, уи напэ къызэрезэгъыу, уи пщIэнтIэпскIэ къэблэжьар пшхыжу упсэунырщ нэхъыщхьэр».

Бынхэм я нэхъыжь КIунэ зэIусэм псэ хэзылъхьэ хъыджэбз Iэпсынщ1элъэпсынщIэт. Ар дэIэпыкъуэгъушхуэ хуэхъуащ и анэм. Сыт хуэдэ унагъуэ къалэнри къыфIэмыIуэхуу зэфIихырти ежьэжырт, и дэлъхухэм я щыгъынхэм кIэлъыплъри арат. Дауи, апхуэдэ хъыджэбз зэкIужыр куэдрэ дагъэсакъым. Илъэс 19-м иту Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Къармэхьэблэ къуажэ щыщ Думэн Нуну къылъыхъуати, иратащ. ПIэщхьагъ тынш игъуэтами, я унагъуэ насыпыр кIыхь хъуну иухатэкъым. Политикэ зэхьэзехуэм и хьэжкурийм хэхуа унагъуэм 1937 гъэм илъэсих ныбжьым нэмысауэ сабииплI яIэ пэтми, мылъкуу яIэр, унэр гущIэгъуншэу къытрахри, езыхэр уэрамым къыданащ. А псом ищIыIужкIэ, КIунэ и тхьэмадэмрэ и щхьэгъусэмрэ дашри, яукIауэ щытащ. Бэлыхьищэр телъу цIыхубз тхьэмыщкIэм ипIащ и быниплIыр. 1943 гъэм нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым ирахужа нэужь, къыщалъхуа щIапIэжьым, и адэ-анэм я деж, къигъэзэжащ. И сабийхэр тIэкIу къэжэпхъа нэужь, я къуажэм щIы Iыхьэ къыщыхупачам унэ цIыкIу ирищIыхьыжри, адрейхэм зыкIи къакIэрымыхуу, псэун щIидзэжат. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, 1963 гъэм мэкъу къишэжрэ пэт, шитI зыщIэщIа гур уфэрэнкIри, КIунэ иукIауэ щытащ.

КъыкIэлъыкIуэ щIалэ Талъостэн, зэрылэжьакIуэшхуэм къищынэмыщIауэ, къуажэ еджапIэми мыIейуэ щеджащ. 1930 - 1941 гъэхэм къриубыдэу Кировым и цIэр зезыхьэ колхозым лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щигъэзэщIащ. 1940 гъэм щхьэгъусэ тхьэIухуд, цIыхубз лэжьакIуэ Къаскъул Нубхьар къишауэ зауэр къэхьейри, дэкIащ. ЩIалэ ахъырзэманыр илъэситIкIэ япэщIэтащ зэрыпхъуакIуэ.

1941 гъэм Рабихьэ зыфIаща хъыджэбз цIыкIу къыхуалъхуащ. Езыр 1943 гъэм яукIауэ и благъэхэм хъыбар къаIэрыхьащ. А хъыбар гуауэр гущхьэкъутэ зыщыхъуа Жамырзэ абы ихьыжащ. Жамырзэрэ и щIалэ пажэмрэ я дауэдапщэхэр зэгъусэу дахащ. Талъостэн и щхьэгъусэ гумащIэмрэ хъыджэбз цIыкIумрэ бгырыс хабзэм тету псэуащ. Рабихьэ унагъуэ ихьэри, абырэ и щхьэгъусэ Быхъур Данилрэ быниплI зэдапIащ.

Лъостэнбийт зэреджэр къыкIэлъыкIуэ щIалэм. И къуэш нэхъыжьым хуэдэу, абыи къуажэ школым пэщIэдзэ щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ. 1932 - 1941 гъэхэм къриубыдэу къуажэ колхозым щылэжьащ. Зауэр къэхъейуэ абы кIуа нэужь, Украинэр ихъумэу илъэситIкIэ дзэм хэтащ. Сталинградрэ Курскрэ щхьэхуит къэзыщIыжахэм яхэтащ. 1943 гъэм ари зауэм къыщаукIащ.

Талъостэн
(1913 - 1943)

Лъостэнбий
(1915 - 1943)



КIулэ
(1916 - 1992)

Абыхэм я шыпхъу КIулэт Лъостэнбий къыкIэлъыкIуэр, и шыпхъу нэхъыжьым бгъурыту, абы ищIэхэр илъагъуу, зригъащIэу къэтэджащ. 1943 гъэм щIалэ ахъырзэман, щIэныгъэ зиIэ Шэрхъ Хьэбалэ дэкIуащ. Абыхэми я унагъуэ насыпыр кIыхь хъуну къахуиухатэкъым. Зауэм дэкIа щхьэгъусэм къигъэзэжакъым. Щхьэгъусэншэу къэна цIыхубзыр гугъу ехьми, и быниплIыр къызэфIигъэуващ, абыхэм лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъу, жылэм зи сэбэп езыгъэкI цIыху къищIыкIащ.

ЕплIанэр Мэхьилт. ЩIалэ IэпщIэлъапщIэт, къуажэдэсхэм къагъэсэбэп Iэмэпсымэхэм щыщу абы хуэмыщI щыIэтэкъым. Къуажэ колхозыр щызэфIагъэувэм жыджэру хэтащ. Сабийуэ и Iэ ижьым игъуэта дыркъуэм папщIэ ар зауэм ягъэкIуакъым. Зауэм Iутхэм яшхын, щатIэгъэн къэзылэжьахэм ящыщщ. Мэхьил япэу къиша щхьэгъусэр Къулъкъужын Ипщэ щыщ Дзу Сэратт, а тIум быних зэдагъуэтащ. Сэрат дунейм ехыжа нэужь, 1967 гъэм Мэхьил къишэжащ а къуажэ дыдэм щыщ Нэхущ Тамарэ.

Къэралбий бын еханэти, гулъытэмрэ нэхъыжьхэм я лъагъуныгъэмрэ къебэкIыу къэтэджащ. Хэку зауэшхуэ зэманыр хэбгъэкIмэ, адрейм Къэралбий и лэжьыгъэр Iэщым хэту ирихьэкIащ. Ар зауэм и курыкупсэм, и гуащIэгъуэм ирихьэлIащ. Зауэ нэужьым, 1950 гъэм, унагъуэ дахэу тIысыжри, Къарэнашэхэ япхъу Хъанийрэ абырэ быниплI зэдапIащ, илъэс 27-кIэ зэдэпсэуащ.

Мусэбий бын нэхъыщIэт. Абы Зеикъуэ дэт курыт школым классибгъу къыщиухащ. Iэзэу пшынэ зэреуэфым къищынэмыщIа, уэрэдри дахэу жиIэрт. Дэрбзэр IэщIагъэми мыIейуэ хэзагъэрт, унагъуэ Iуэхухэр Iэзагъэ хэлъу игъэзащIэрт. Фоч гъэуэнымкIэ я школым япэ увыпIэр къыщихьри, «Ворошиловский стрелок I степени» дамыгъэр къратат. Макъ дахэ зиIэ щIалэм уэрэдыжьхэр къришырт, къуажэ школым щыIэ гупжьейхэм жыджэру хэтт. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, и анэм и дэIэпыкъуэгъушхуэт. 1942 гъэм Мусэбий школым щIашри, зауэм дашащ. Дзэ Плъыжьым и сержант щIалэм лIыхъужьыгъэ къигъэлъагъуэу зауэм хэкIуэдащ, 1943 гъэм Ростов областыр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыщыIэщIагъэкIыжым щыгъуэ. «ПщIэ зыхуэтщI Джэдгъэф Жамырзэрэ ФатIимэтрэ. Фи щIалэ Мусэбий зауэ IэнатIэм Iуту, лIыхъужьу хэкIуэдащ. Дэ фи гуауэр зэхыдощIыкI икIи дывдощыгъуэ», - жиIэу итт Мусэбий и командирым къитха письмом. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, письмор нобэм къэсакъым, абырэ Мусэбий и хьэпшыпхэм щыщу фронтым къэрагъэхыжахэмрэ и анэ ФатIимэт и гъусэу щIалъхьэжащ, езым уэсят къызэрищIыжам хуэдэу. И щIалэ нэхъыщIэр имыIэжу хъыбар гуауэр къыщыIэрыхьэм сымаджэ хъури, 1944 гъэм дунейм ехыжауэ щытащ. «Зауэм и кIэр хьэдагъэщ», - жеIэ адыгэм. Ар пэжщ.

Джэдгъэф Жамырзэрэ ФатIимэтрэ я щIалэхэм ящыщу псэууэ къэна Мэхьилрэ Къэралбийрэ я лъэпкъым и гъащIэм пащащ. Зэдэлъхузэшыпхъухэм я быныжхэм Джэдгъэфхэ я лъэпкъ жыгым и къудамэхэм зрагъэубгъу. ГъащIэ узыншэ яIэу дуней мамырым тетыну, насыпыфIэу псэуну сахуохъуахъуэ!

ДЖЭДГЪЭФ Аслъэмырзэ.
Налшык къалэ.



КIунэ
(1911 - 1963)

Мэхьил
(1918 - 1993)

Къэралбий
(1921 - 1977)

Мусэбий
(1922 - 1943)

Ди щIэблэр

Куэдым щапхъэ яхурырехъу

Хъуранхэ Зауррэ Аринэрэ я къуэ кIасэ Мурадин иджыри сабийт, артисту еджэну мурад щищIам. Нэхъапэхэм артист IэщIагъэр тынш цIыкIуу къыфIэщIами, иужькIэ абы къыгурыIуащ ар зэрымыIуэху джэгур.

- ЦIыхухэм я гум удыхьэныр тыншкъым, - жеIэ Мурадин. - Иджырей зэманым артистхэр бжыгъэншэ хъуами, закъуэтIакъуэххэщ хъун хуэдэу джэгур. Артисту ущытын щхьэкIэ, унабдзэгубдзаплъэн хуейщ. Артистыр психологым хуэдэщ - цIыхум и гукъеуэр, зэшыр щхьэщех. Аращ ар щIэартистыжри. Зэшым «итхьэлэ» цIыхур театрым кIуа нэужькIэ, и гукъеуэр, зэшыр щхьэщымыкIмэ, абы щыгъуэ артистым и зэфIэкIыр мащIэщ. Ауэ спектакль нэужьым Iэгуауэ иным зрагъэIэтмэ, артистым и пщэ дэлъ къалэныр игъэзэщIауэ плъытэ хъунущ.

Зи гугъу тщIы Хъуран Мурадин Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм гъатхэпэм и 18-м 1994 гъэм къыщалъхуащ. И адэ Заур пасэу щхьэщыкIри, и анэ Аринэ ипIыжащ. Ар фIы и фIыжу школым щеджащ. Курыт еджапIэ №4-м щигъэкIуа илъэсхэр Мурадин пщIэншэу игъэкIуэдакъым. Я еджапIэм къыщызэрагъэпэщ пшыхьхэм жыджэру хэтащ. Апхуэдэуи Къулъкъужын Ищхъэрэм щекIуэкI хьэгъуэлIыгъуэхэми и зэфIэкI щигъэлъагъуащ. Мурадин фIыкIэ игу къокIыж я курыт школым и унафэщIу щыта Къуэдз Заур, математикэмкIэ езыгъэджахэу Кумыщ Хьэсэнрэ Хьэгъэжей Жаннэрэ, биологиемкIэ, зоологиемкIэ, химиемкIэ езыгъэджа Багъ Хьэмидбий, физикэмкIэ езыгъэджа Къуэдз Нажмудин сымэ.

Мурадин 2011 гъэм школыр къиухри, зэуэ еджапIэ нэхъыщхьитIым - ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и урыс студием и артист факультетымрэ Налшык дэт Кавказ Ищхъэрэ ислъам институтымрэ щIэтIысхьащ. Мурадин ислъам диным и хабзэхэм, ислъам щэнхабзэм, тхыдэм, абы и философием драгъэхьэхащ КъБР-м и муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и муфтийм и къуэдзэхэу Емкъуж Анзоррэ Сыжажэ Алимрэ. ЕджапIэ нэхъыщхьитIыр Мурадин дэгъуэу зэдехь. Абы зэригъапщэурэ едж ислъам, адыгэ, урыс щэнхабзэхэр, абыхэм я тхыдэмрэ философиемрэ, апхуэдэуи я литературэ тхыгъэхэр. Мурадин бзиплI - адыгэбзэ, урысыбзэ, нэмыцэбзэ, хьэрыпыбзэ - егъэшэрыуэ. Студент къалэнхэм я мызакъуэу, Мурадин унагъуэ Iуэхухэри и пщэм дэлъщ. Мурадин и шынэхъыжь Мухьэмэд КъБКъУ-м географиемрэ геологие IуэхугъуэхэмкIэ и факультетым щоджэ, абыи бзищ - адыгэбзэр, урысыбзэр, нэмыцэбзэр - ещIэ. Зэшхэм я курыт Мухьэдин мэкъумэшым зритмэ нэхъ къищтащ. Хамэ къэралыбзэ зыбжанэ ящIэми, я анэдэлъхубзэм япэ ирагъэщ щыIэкъым зэкъуэшхэм. Уи бзэр бджыжыным емыкIу пылъу, мыхьэнэ имыIэу, гугъуехьищэхэм я хъым уилъахъэу, дунейпсо «бэджыхьыу» ИнтернеткIэ зэджэм узэрихьэ урысыбзэ, инджылызыбзхэр зэгъэщIэным анэдэлъхубзэр зэран хуэхъуу къэзылъытэ адэ-анэхэм мы зэкъуэшищыр щапхъэ яхуэхъуну сыхуейт. Зэшхэм Къулъкъужын Ищхъэрэм и пщIэр зэраIэтынум шэч хэлъкъым. Ахэр хэкупсэу зэригъэсам папщIэ, я анэ Арини фIыщIэ хэха хуэфащэу къызолъытэ.

ПЩЫХЬЭЩIЭ Хьэмзэт.

ТЕМУКУЕВ Адил

«Дахэ цIыкIу»

Новеллэ

САМАТ цIыкIу илъэсрэ ныкъуэрэ щрикъум Танзилэ лэжьапIэм дэкIыжащ. Абы и гуащэ Таужан и къуэмрэ и нысэмрэ я деж къэIэпхъуэжри, и къуэрылъху цIыкIум кIэлъыплъу щIидзати, иджы нысэми лэжьэну Iэмал игъуэтат. Фызыжьым и щхьэгъусэр иджыблагъэ дунейм ехыжащ. Таужан къалэм къыщIэIэпхъуам и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыт ари. Зи закъуэу къэна, Башир фIэкIа нэгъуэщI бын зимыIэ фызыжьыр и къуэм деж къэмыIэпхъуэмэ, дэнэ кIуэнт? ПсынщIэу есащ ар къалэ гъащIэм, уеблэмэ зэшыну хущIэмыхьэу. Къуэрылъху цIыкIур апхуэдизкIэ сабий темызагъэти, теплъэкъукIыпIэ къудей къуитыртэкъым. Абы зэшыгъуэ уригъэхуэнт!

Башир езыми къыхуэгубзыгъыжыртэкъым и щхьэгъусэм «тапчыкъ» - балъкъэрыбзэкIэ «дахэ цIыкIу» къызэрыкIыр щыфIищар. Ар я студентыгъуэ илъэсхэу щызэрыцIыхуагъащIэр арагъэнут. Абы лъандэрэ псори а цIэм апхуэдизкIэ есэжати, зэреджэ дыдэр апхуэдэу фIэкIа къащыхъужыртэкъым. Езы цIыхубзри щэхуу иригуфIэрт абы.

Баширрэ Танзилэрэ медицинэ факультетыр хъарзынэу къаухри, я еджэным ординатурэми щыпащат. Я еджэныр щызэфIэкIым, я къалэм къагъэзэжри, тIуми хирургыу лэжьэн щIадзащ. Лэжьыгъэм фIыуэ щыхэгъуазэм, абыхэм щIэныгъэ къэхутэныгъэхэри ирагъэкIуэкIыу хуежьащ, ауэ бын яIэ хъуа нэужь, Танзилэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм къапыкIауэ, сабийм бгъэдэсу унэм щIэст. АтIэ, мис иджы, гуащэм и фIыгъэкIэ абыи и лэжьыгъэм пищэнущ.

Зэщхьэгъусэ хирургхэм я цIэр псынщIэ дыдэу фIыкIэ зэлъащIысат. Иджы ахэр хэмыту дохутырхэм зы консилиуми ирагъэкIуэкIыртэкъым. Сымаджэм и узыр фIы дыдэу къызэрахутэфыр къащIати, нэхъ Iуэху гугъу къыщыхъукIам деж а тIум я чэнджэщырт псом япэу къыхалъытэр.

Башир мыгувэу хирург къудамэм и унафэщIу ягъэуври, а къудамэр сымаджэщым щIэрыIэ щыхъуащ. Арат сымаджэхэми, къалащхьэм нэс зыгъэхъуэжакIуэ мыкIуэу, мыбы къыщеIэзэмэ нэхъ щIафIэфIыр. Уеблэмэ, къалащхьэм щыIэ сымаджэхэри мыбы къыщыкIуэ щыIэт, Башир е Танзилэ операцэ зрагъэщIыну.

Самат цIыкIуи ауэрэ къыдэкIуэтейри, IэщIагъэ ищIыным щегупсыс ныбжьым нэсащ. Шэчыншэу, адэ-анэр хуейт я щIалэри езыхэм я гъуэгум ирикIуэну, дохутыр хъуну. Езыми а IэщIагъэрт нэхъ зытригъащIэр, сыту жыпIэмэ, гъащIэм гъуазэ нэхъыщхьэу щиIэри щилъагъури и адэ-анэрт. Башир и унагъуэр насыпыфIэу ялъытэрт псоми, ауэ гъащIэм языныкъуэхэм деж, уи гущхьэ къэмыкIауэ, уи пщIыхьэпIи къыхэмыхуауэ къыщыхъухэм уи мурад псори зэуэ щызэтрагъэщэхэж щыIэщ...

Аращ мы унагъуэми къыщыхъуар. Пэмыплъэххахэу, зэшэзэпIэу жыхуаIэм хуэдэу, Таужан и щхьэм лъы дэуейри, къэсымэджащ. Зи щхьэ куцIым уэру лъы хэлъэда, жьы хъуа цIыхур къыщебгъэлыфыр закъуэтIакъуэщ. Таужани, куэдрэ еIэзахэми, узыр тIэкIу хуагъэкIэщхъа мыхъумэ, яхуэгъэхъужакъым. И бзэр зэIынэ, ищIэхэр къыгурымыIуэж хъуащ.

Башир гузавэрт, ищIэнур къыхуэмыщIэу. Таужан зэпымыууэ зыгуэр и гъусэн хуейт, фызыжь лъэрымыхьым пхубгъэдэсын бгъуэтынутэкъым. Башир абы егупсысурэ и щхьэр фIэхуауэ махуэ зытIукIэ къикIухьауэ, и щхьэгъусэм пщэдджыжь гуэрым къыжриIащ:

- Си лэжьапIэр хыфIэздзэнщи, сэ сыбгъэдэсынщ уи анэм. ИкIэм-икIэжым, гуащэм кIэлъыплъыныр зи къалэныр нысэрщ. Дэ ди Iуэхухэр щызэфIэзэрыхьам си гуащэрщ псомкIи щIэгъэкъуэн къысхуэхъуар, иджы сэ абы зыщIэзмыгъэкъуэжмэ, Алыхьым и ней къысщыхуэнщ! Мамэ къызэфIэувэжмэ, итIанэ лэжьапIэ гуэри къэдгъуэтыжынщ.

Башир и гуфIэгъуэр щIэншэт, и щхьэгъусэм IэплIэ гуапэ иришэкIри, абы жиIащ:

- Уи цIыхугъэр сщызыгъэгуупщэн мы дунейм теткъым. Апхуэдэут сызэрыпщыгугъари, дыщызэрыцIыхуа махуэм къыщыщIэдзауэ. Псалъэ узот, сэри зэи зыкIи уи жагъуэ сымыщIыну, гухэщI уэзмыгъэлъагъуну.

Пэж дыдэуи, лIым и лъагъуныгъэр гъунапкъэншэ хуэдэт. Танзили и псэр къыхэщтыкIыртэкъым. Къалэн зыщищIыжа Iуэху хьэлъэр лIым къыщыгурыIуакIэ - сыт цIыхубзыр нэгъуэщI зыхуейр!

Таужан и бзэр хуэмурэ зэтеувэжырт. Ауэ ищIэр къыгурымыIуэжу зэрыхъур кIащхъэртэкъым. Башир и щхьэр хэIуащ жыхуаIэм хуэдэу лэжьыгъэм хэтт. Сымаджэхэр зыи нэхъ мащIэ хъуртэкъым. Башир зэIэзэхэм мымащIэу яхэтт къулыкъушхуэ зыIыгъэхэри. Апхуэдэхэр нэхъ къиинт, пщIэ лей хуащIын, адрейхэм нэхърэ нэхъ къакIэлъыплъын хуейуэ къащыхьужу. Арат жэщыбг хэкIуэтэху къыщIэгувэр, къыщымыкIуэжыххи кьыщIыхэхуэр. Танзилэ пIейтейрт, ауэ хирург лэжьыгъэр зыхуэдэр ищIэрти, телефонкIэ псэлъэрейуэ, и щхьэр иригъэужэгъуу щыттэкъым. Башир и зэманым къыщекIуэлIэжа пщыхьэщхьэр унагъуэм я махуэшхуэт. Езыри дихьэхауэ тепсэлъыхьырт и сымаджэхэм.

Самати и адэм иригушхуэрт. Уеблэмэ, Таужани къэщIэрэщIэжри, нэхъ щIалафэ къытеуат.

...Мазэм щIигъуауэ цIыхухэм яIурылъ, тIу зэхуэзамэ я псалъэмакъым къызэрыщIадзэ кинофильмыр нобэ кинотеатрым щагъэлъэгъуэнут.

Самат анэм елъэIуащ кином игъэкIуэну. Анэми, фIэмыфIыщэми, щIалэ цIыкIум игу емыуэн щхьэкIэ, хуит ищIащ. Залым, IэпэдэупIэ имыIэ жыхуаIэм хуэдэу, цIыхур щIэзт. ЩIалэ цIыкIур къызэплъэкIри къилъэгъуащ и щIыбагъымкIэ къыдэт шэнтитIыр зэрынэщIыр. Уэздыгъэр ягъэункIыфIри, кином щIидзащ. Киином дихьэха щIалэ цIыкIум зэуэ гу лъитакъым и щIыбагъымкIэ къыдэт шэнтитIым цIыхуитI зэрыщетIысхам. А тIум зэхъуцацэу щыщIадзэм, Самат щыблэ къеуа хуэдэ къыхэскIыкIащ. Абы Iупщ1у кьицIыхужащ и адэм и макъыр:

- Уи щхьэр си дамащхьэм къытелъхьэ, дахэ цIыкIу, уи бауэ макъым сыщIэдэIуну сыхуейщ...

Мы дунеишхуэм лъэщIыхьэфын тумыгъуэтэн жыхуаIэм хуэдэу, щIалэ цIыкIум и гур къеуащ. Ерагъмыгъуейуэзызэтриубыдэщ, щэхубзэ зищIри, залым къыщIэкIыжащ: «Мис иджы къызгурыIуащ уи къурмакъейм къэс лэжьыгъэу апхуэдизрэ лэжьапIэм ущызыгъэгувэр, уеблэмэ, жэщкIэри укъэзыгъанэр, - мэгупсысэ Самат. - Си анэм делэ хъуным нэса уи анэр IэкIэ игъашхэу, зыхуей хуигъазэу кIэлъыплъыху, уэ уи зэманыр мыIей дыдэу уогъакIуэ». ЩIалэ цIыкIум игу къызэфIэзэрыхьар ирикъухыжри, и нэпсхэр щIилъэщIыкIащ. Псом хуэмыджу и жагъуэ хъуар адэр а цIыхубзым «Дахэ цIыкIукIэ» зэреджарт. Самат къыщхьурт апхуэдэу уеджэну зыхуэфащэр и анэм фIэкIа дунейм темыту. Нэпс хуэмыIыгъыжхэр, къытрагъалэурэ, къыщIэурт. ЩIалэ цIыкIум игу къыпылъэдат жэрыгъэкIэ унэм кIуэжу и анэм псори хуиIуэтэжыну. Ауэ, зыхуигъэшэчри, кинор иухыху пэплъащ. ЦIыхухэм къыщIэкIыжын щIадзащ. Мес, и адэри хъыджэбз сырыху цIыкIу, ипхъуу фIэкIа хуумыгъэфэщэфыну щIалэ дыдэу, щIыгъуу IэпэзэрыIыгъыу къыщIокIыж. Зэрыхъуари езым къыгурымыIуэжу, Самат абыхэм япежьащ. Адэм къуэр къыщилъагъум, и фэр шэхуу пыкIри, здэщыт дыдэм щетIысэхащ. «Сыт къэхъуар?» - щIэупщIащ адэм щIыгъу хъыджэбз цIыкIур. «Си вакъэ лъэпсыр зэрыжащи, сопхэж», - япэ и щхьэм къихьар жиIащ адэм. ЦIыхубз цIыкIур къыщиудри дыхьэшхащ: «Сыт вакъэ лъэпс, уэ уи вакъэм дэгъэжей дэтщ!»

А псом адэкIэ емыплъыжыфу, Самат зигъэкIэрахъуэри, жэрыгъэкIэ унэм кIуэжащ. Анэм бжэмыш цIыкIукIэ гуащэр игъашхэу щыст. Мы теплъэгъуэм нэхъ Iуплъэгъуей игъащIэм имылъэгъуауэ къыщыхъужащ щIалэ цIыкIум. «Адэр дэ къыдэпцIыжащ - сэри, езым и анэми, си мами къыдэпцIыжащ!»

Самат и нэзэрыхьэм деж къыщызэпхиудын пфIэщIу, лъыр уэру къеуэрт. Ар и пэшымкIэ щIыхьэжри, гъуэлъыпIэм зригъэукIуриящ. ЩIалэр зэрыпIейтейм гу лъызыта анэр и къуэм еджащ игъэшхэну, арщхьэкIэ Самат и гур а дакъикъэм шхыным хуэзыгъэкIуэфын щыIэтэкъым. Ауэрэ жейм хилъафэ хуэдэ хъуа щIалэ цIыкIур нэбэнэушэу здэщылъым, адэр къызэрысыжам и щыхьэт Iэуэлъауэр къызэхихащ. ЗэрихабзэУ, ар адэм пежьакъым. Танзилэ гу лъитащ и лIым и нэгур зэрызэхэуам.

- Сымаджэ умыхъуауэ пIэрэ? - къэгузэващ цIыхубзыр.

- Хьэуэ, сымаджэ лажьэ сиIэкъым, лэжьапIэм сыщешыIауэ аращ, - жэуап итащ мыдреими. Самат бжэр дамэдазэ ищIри, и анэм къеджащ:

- Мамэ. Уэри уешащ. Папэ ныжэбэ нанэ бгъэдрес. Уэри зы жэщ тыншу зыбгъэпсэхуну пхуэфащэщ...

- Сыт-на, жыпIэр? - къэуIэбжьащ анэр, - плъагъуркъэ уи адэр ешаелIауэ лэжьапIэм къызэрикIыжар? Хьэуэ ар хъунукъым. Сэ сыбгъэдэсынщ нанэ. Уэ умыгузавэу тыншу жей.

Самат, хьэлъэу хэщэтыкIри, блынымкIэ зригъэзэкIащ. Тыншу дэнэ къэна, абы къыпэщылъыр жей лъэпкъ зыхэмытын жэщт.

ЗэзыдзэкIар
ХЭРЭЗЕЙ Афликщ.

Хабзэфlу щытащ

Тхыдэ напэкIуэцI

1980 - 1990 гъэхэм хабзэ дахэу къекIуэкIыу щытащ фабрикэхэм, заводхэм къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэр къыщызэрагъэпэщу. Шэч хэмылъу, абы гуащIэрылажьэхэм я гукъыдэжыр къиIэтырт, гъащIэр щIэщыгъуэ ящищIырт, зыпэрыт Iуэхури ящигъэпсынщIэрт.

АПХУЭДЭ гупхэм ящыщ зыщ мы сурэтым щыфлъагъур - Бахъсэн къалэм дэта трикотаж фабрикэм 1980 гъэхэм иIа уэрэджыIакIуэхэрщ.

ЩIалэхэр (*сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ*): бэрэбэнауэ Джэдмыщх МуIэед, гупым и художественнэ унафэщI Щхьэгъум Борис, ЩэнхабзэмкIэ унэм и унафэщI Жэртул Мухьэмэд (*дунейм ехыжащ, Ахъръэт нэху Тхьэм кърит*) сымэщ. Хъыджэбзхэм я цIэ-унэцIэхэр зэхэгъэкIауэ зэрыдмыщIэм къыхэкIыу, тхуэгъэнэIуэнукъым. Ауэ, шэч хэмылъу, езыхэм зыкъацIыхужынщ, я зэманыгъуэр ягу къагъэкIыжынщ.

Бахъсэн къалэм щылэжьа гуп дыгъэлым хэта дэтхэнэми и насып Iыхьэ гъащIэм щиIауэ, ехъулIэныгъэфI зиIэ бынхэр игъэсауэ, абыхэм я хэхъуэм иригуфIэу къэгъуэгурыкIуауэ къыщIэкIыну ди гуапэщ.

БЛИЙ Даянэ.
Сурэтыр 1982 гъэм трахащ.



Адыгэлl щыпкъэ

Урысей псом щыцIэрыIуэ, хамэ къэралхэм къыщацIыху адыгэлI щыпкъэ, къэрал, жылагъуэ лъжьакIуэ, щIэныгъэлI, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъШР-м и Цыхубэ Зэхуэсым (Парламентым) и депутату, Шэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Президенту, нужькIэ и вице-президенту щыта Акъбащ Борис 1932 гъэм мазаем и 14-м Хьэбэз районым хыхьэ Псэукlэ-Дахэ къуажэм къыщалъхуагъ. Черкесск кьалэм дэт лъэпкъ интернат-еджапIэр ящэ дыщэ дыщэ медалкIэ къэзыухар араш.

● Фэеплъ

Акъбащ Борис

АЗОВО-ЧЕРНОМОРСКЭ институтыр кIыуха нэужь, Борис лэжьапIэ зэхуэмыдэхэр зэрихьэжкIащ. 1954 - 1974 гъэхэм Хьэбэз районым инженер нэхъыщхьэу, техникэм щыкIэлыплъ станцым, совхозым я унафэщIу, Хьэбэз райисполкомым и тхьэмадэу, Адыгэ-Хьэблэ райкомым и ящэ секретару, Кьэрэшей-Шэрджэс облисполкомым и тхьэмадэм и кIуэдзэу лэжьащ.

Акъбащым и нэIэ щIэту ящIащ КъШР-м и кьалащхьэм зет сымаджэщхэр, еджапIэхэр, кьалэм дет унэр эзтетхэр. Абыхэм ящыщу Черкесск кьалэ мотодроми, «Россия» кинотеатрри, тхылъ тедзапIэри, Щэнхабзэмкlэ унэхэри, «Черкесск» хьэщIэри, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамыми иIэ теплъэ дахэри, нэгъуэщIхэри.

1974 гъэм, Ставрополь политехническэ институтым и кIудамэу Черкесск дэтым ильэситкIэ унафэщIу щыIауэ, Москва ящэу къыщыIэзрагъэпэщащ, СССР-м Мэкъумэшымкlэ и министерствэм и жьыкъэ Iуа Кьалмыкъ Юрэт. Мыпхуэдэ щIыху лъэщхэр, гумызагъэхэр зэпашэ зэгухэмкIэ зыхуэгъэзэжыгъэ зыжьыр сыт хуэдэ мурадхэри зригъэхьулIэфыну лъэкIыныгъэ иIэт. Я гугъапIэр инт - адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэм зеугъэжьыныр, хьуэныр, лъэпкъым и тхыдэ пэжыр зэфIэгъэувэжыныр.

ИужькIэ Кьалмыкъ Юрэ и кIуэлыкIур дзыхь зыхуищIар Акъбащырщ. А лъэхъэнэм ДАХ-м нэхъри зеужь, щIэныгъэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэр нэхъ щIегъэхуабжьэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэр мылъкукIэ нэхъ хуэщIа мэхъу. БзищкIэ - урысыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, тырку бзэкIэ - дунейм кьытохьэ «Черкесский мир» журналыр, ДАХ-м и IV Конгрессым деж кьыщоIу Акъбащым и жэрдэмкIэ уэрэдус щэрыIуэ Даур Асльэн зэхилъха Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гимныр. Борис и фIыгъэкIэ дунейм кьытохьэ «Адыгэ хабзэ», «Пэжым и гъэзэг гугъуэгъэ» тхыль гъэзэдэжэр. Абы и фIыгъэ хэльэ щIыналъэхэм кьызэрыкIуэм...

Акъбащ Борис «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр тIэунейрэ кьратащ, «За трудовое отличие», «За освоение целинных земель», «За доблестный труд» медалхэмрэ РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъхэмрэ кьыхуагъэфэщащ.

Акъбащ Борис 2002 гъэм дунейм ехыжащ, и ныбжьыр илъэс 71-м иту.

ШЫПШ Даянэ.

● Iуэху зехьэкIэ пэрыт

Къардэн Ларисэрэ и гъэсэнхэмрэ щыгъын гъэлъэгъуэныгъэм хэту.

КьытщIэхъуэ щIэблэм я псэм лъэпкъ хабзэр, щэнхабзэр хэлъу къэгъэгъэджыныр егъэджэныгъэгъэсэныгъэ Iэнатlэм пэрыт дэтхэнэм и дежкIи кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Ар зэгъэхьулIэным хуэлажьэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ ныбжьыщIэхэр зэрэдиэ программэм и дейуэ кьыззэрагъэпэщ сабий студиехэр, академиехэр, мастерскойхэр, центрхэр.

Псэр зэщIэзыIэтэ, гупсысэр зышэщI

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМ я творчествэм зышрагъэужь «Силуэт» сабий студие-мастерскойр илъэси 8-м щIигъуаIэ щолажьэ Аруан кьуажэм дэт курыт школым. Ар кьыззорыIэутхам Iэмал кьыдитащ программэм ипкъиткIэ яджыпхьэ «Технологие» предметыр нэхъ кууэ икIи нэхъ хьэлэмэту школакIуэ цыкIуэхэм ябгъэдэтлъхьэну. Мастерскоймэ щыIэфIэтх лэжьыгъэ псори зыхуэунэтIар сабийхэм я псэм художественнэ гупсысэкIэ кьыщыгъэущыныщ, цыкIуэхэм ябгъэдэлъ творческэ зэфIэкIым адэкIи зегъэужьныщ. Апхуэдэу студием къеКIуалIэ ныбжьыщIэхэм зыхуедгъадэ Iуэхугъуэхэр нужькIэ гъащIэм кьыззрыщIагъэсэбэпным дыхущIокIуэ, Iэпщlэльапщlагъэр, дэн-бзэныр Iэщlагъэ зыхуэхъу кьащIэкIи щыIэщ.

Сабийхэм унэтIныгъэ зыбжанэкIэ дадолажьэ. Гулъытэ нэхъыбэ зыхуэтщIыр дэн-бзэныр щ. Щыгъын зэмылIэужьныгъуэхэр щащIкIэ, дуней псом кьыщагъэсэбэп технологие пэрытхэр ди Iэдэжу, ди гъэсэнхэм ядогъащIэ лъэпкъ гъуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ хичубдэ Iуэхугъуэхэр: лъэпкъ дамыгъэхэмрэ абыхэм я хэдэкIыкIэхэмрэ, адыгэ фащэр зэрызэхэхьэращ шхыныгъуэ IэфIэхэр. Аэхэр псори еджапIэм кьашэри, «бзээрым» щащащ. ТуфIэжу ар зэбграхащ егъэджакIуэхэми еджакIуэхэми. Сатум кьыпэкIуэ ахъшэр, куэд дыдэ мыхъуми, лей зыгъехьа унагъуэм етIуанэ махуэм хуахьащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Спорт

Ейскрэ Новочеркасскрэ макIуэ

Шэджэм кьалэм дэт Сабийныбжьыщlэ спорт унэм щыIэзэгащ «Футбол цыкIур - школым» урысейпсо проектым инкъ ткIэ екIуэкI Урысейпсо зэхьэзэхуэм и республикэ зэпеуэм и кIэух зэIущIэхэр. А программэр нэхъыбэкIыным ильэс зыбжанэ хьуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр жыдэхэр. Зэхьэзэхуэхэм кьыздыщIэубыдIэ республикэм и курыт еджапIэ 70-м щIигъу.

ПРОЕКТЫМ и республикэ зэпеуэр кьыззрагъэпэщащ КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэхэм. Я ныбжь ельытауэ гупилIу гуэша щIалэ, ныкъджэбз цыкIуэхэм я кIэух зэхьэзэхуэхэр егъэкIуэжкIыныр КъБР-м Футболымкlэ и федерацэм пщэрылъ щащIат.

КIэух зэпеуэхэр къыщызэIуахым кьрихьэлIащ икIи топджэгу ныбжьыщIэхэм екъуIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэмэ зэрагъапIэр жраIащ КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр **АфIэунэ Аслъэн**, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министрым и къуэдзэ **Геккиев СультIан**, КъБР-м футболымкIэ и федерацэм и унафэщI **Болэ Хьэсин**, алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Олимп чемпион **Хьущт Аслъэнбэч** сымэ, футболым и ветеранхэм.

Урысейпсо зэхьэзэхуэм и республикэ зэпеуэм и кIэух зэIущIэм щытекIуащ Тэрч кьалэ и 1-нэ, Балъкъэр Ипщэм и 2-нэ курыт еджапIэхэм, Налшык кьалэ дэт, Щагъуэ Нурий и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №31-м (щIалэ цыкIкIуэхэр), Прохладнэ кьалэм и лицей №3-м (хьыджэбз цыкIуэхэр) я командхэр. Абыхэм я дежкIэ саугъэт нэхъыщхьэр КИФЩI-м, ЮФО-м я кIэух зэIущIэхэу Ейскрэ Новочеркасскрэ щекIуэкIынухэм эхэныр Iэмал зэрагъэтарщ.

Зэхьэзэхуэм ящэ, етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр кьыщызыхьахэм щIыхь тхылъхэр, кубокхэмрэ медалхэмрэ иратащ.

УЭРДОКЪУЭ Алан.

● Гъэсэныгъэ

ГущIэгъум и дерс

ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт курыт еджапIэ №2-м щрагъэкIуэкIащ нобэ куэдым IэщIыб ящIу хуежьа хьэлэлагъым, туапагъэм сабийхэр хуэзыуцым псапащIэ Iуэху.

5-нэ, 7-нэ классхэм я унафэщIхэу Шыбзыхъуэ Ириныэрэ Афэщlагъуэ Зурянэрэ газет напэкIуэцIым тету кьызэджа тхыгъэ гущIыхьэрщ мы Iуэхум къежьапIэ хуэхъуар. Ар теухуат Бахъсэн кьалэм щыщ зы унагъуэ гуэрым мафIэ кьащIэнэу сабийхэм я анэр зэрыхэкIуэдам. Анэншэу къэна унагъуэм, газетыр кьиГъэсэбэпри, цIыхухэм захуигъэзащ, кьадэIэпыкъуну лъаIуэу...

Ар зэхэзыха егъэджакIуэхэм икIэщIыбпэкIэ псапащIэ Iуэху кьызэрагъэпэщащ, жыпIэнурамэ, гущIэгъум и дерс ятащ. ЕджакIуэ цIыкIуэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ я унагъуэхэм щагъэхьэзыращ шхыныгъуэ IэфIэхэр. Аэхэр псори еджапIэм кьашэри, «бзээрым» щащащ. ТуфIэжу ар зэбграхащ егъэджакIуэхэми еджакIуэхэми. Сатум кьыпэкIуэ ахъшэр, куэд дыдэ мыхъуми, лей зыгъехьа унагъуэм етIуанэ махуэм хуахьащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КIуэкIуэ Валерий йопсалъэ.

Иорданием и пащтыхь Абдаллэрэ Акъбащ Борисрэ я зэIущIэ.

● КъБР-м и хьэщIэхэр

Налшык щыIэIущIащ Абхъазым и президент Бэгъэпщ Сергей, Хьэгъэжей Бесланэ, Хьэфыщlэ Мухьэмэд сымэ. *2005 гъэ, жэпуэгъуэм и 9*

НэхъыфIхэр къыхах

Къэщкъэтау дэт Щэнхабзэмкlэ унэм «Хабзэм и хьумакIуэхэр» зыфIащa зэхьэзэхуэ щыIэзэхэтащ.

● Шэрэдж щыналъэ

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМКIЭ Шэрэдж куей управленэмрэ районым и ОМВД-м баличь мыхъуахэм ядэлжьэныжьмкIэ и кIуэдамэмрэ зэгъэусэу кьыззрагъэпэща мы Iуэхум хэтащ районым ит курыт еджапIэхэм я класс нэхъыжьхэм щIэсхэр. Зэпеуэр теухуат щIэблэр гъуэгу тэмэм тегъэувэным, фадэм, наркотикым, тутыным, щIэпхъаджагъэм ахэр пэIэщIэ щыныр.

КБН щапхъэм иту гуп-гупу гуэшауэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм я зэфIэкI щагъэлъагъуащ еджакIуэхэми, хабзэм и хьумакIуэхэми, сабийхэм якIэлъыплъныныр попечительствэмкIэ куей кьудамэм, егъэджэныгъэмкIэ управленэм я лэжьакIуэхэми.

Зэ Iущ Iэм кьрихьэлIаxэр кьэпщытакIуэ гупым хэтхэри дихьэхыу еплъащ Зэрэгъыж кьикIа ныбжьыщIэхэм ягъэхьэзырра теплъэгуэхэм, Жэмтхьэлэ дэт кулъыпэ ахэр иджырей щыгъынхэм зэрыхуэгъэкIуапхъэмрэ. Егъэджэныгъэм щIэдзапIэ хуэхъур нэхъ кьызэрыгуэкI Iуэхугъуэхэрщ. Ящэ щыкIэ доплъ хъыджэбз цыкIуэхэм ябгъэдэлъ Iэпщlэльапщlагъэр здынэсым, нужькIэ дэтхэнэми щхьэхуэ-щхьэхуэу дадолажьэ, кьалэн зэмылIэужьныгъуэхэр пщэрылъ ахуэтщIуэ. Апхуэдэу хьыджэбз цыкIуэхэр щытщ зэми дизайнеру е конструктору, кьыкIэлъыкIуэу дакIуэ-бакIуэу е щыгъынныр зыгъэлъагъуэу, нужькIэ стилисту е визажисту.

Я нэгу кьыщIагъэхьэхэр гъащIэм щалъагъужьну Iэмал яIэщ ди гъэсэнхэм. Аэхэр хуитщ езыхэм я проектым елэжьыну е гупым кьыззащта щыгъынныгъуэ гуэр гъэхьэзырыным я кьаруираухьэлIэну. Апхуэдэ щыкIэкIэ абыхэм яда щыгъын дахэ куэд щызэпыдохьэ ди мастерскоим. Абыхэм я гъэлъэгъуэныгъэ ди школми щыпIэми щIэхщIэхьыурэ кьыщызыдогъэнпщ. Зи Iэпэм дыщэ кьыпыщ ди хьыджэбз гъэсэнхэр хэтщ технологиемкIэ куейпсо, республикэпсо, щыналъэпсо олимпиадэхэм, нэгъуэщI зэпеуэхэм. Абыхэм увыпIэфIхэр кьыщахь ди пщащэхэм, я IэныкIэхэм щIэупщIэшхуи яIэщ.

Апхуэдэу ди гъэсэнхэм ящыщ Къардэн Каринэ хэтащ дизайнер ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэу Налшык 2009 гъэм щекIуэкIам. А зэхьэзэхуэм и утыкум Каринэ кьрихьащ «Гъэмахуэ тельыдж» зыфIища фэнльхьэгъуэ гуп. КъэпщытакIуэхэм ягу ирихьащ Каринэ ида щыгъынэр икIи зэпеуэм и лауреат зэрыхьуам нэмыщI, абы и саугъэт хэхарт хуагъэфэщащ. 2010 гъэм кьалащхьэм кьыщызэрагъэпэщауэ щыта «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщэр» зэпеуэм хэтащ ди гъэсэн Хьэщlыкlу Хьэлимэт. Абыи кьратащ зэхьэзэхуэм и Щlыхь тхылъыр. Нэгъабэ-дэлъ Iэпщlэльапщlагъэр здынэсым, нужькIэ дэтхэнэми щхьэхуэ-щхьэхуэу дадолажьэ, кьалэн зэмылIэужьныгъуэхэр щыгъэ зэмыфэгъуэхэмкIэ тхыпхъэщIыпхъэ зэмылIэужьныгъуэхэр зытритыхьа бостей зыбжанэ. Миланэ и хэдыкIхэм куэд дахьэхащ. Абы кьыхэкIыу ар зэхьхьэм и лауреат хъуащ, Щlыхь тхылъ кьратащ.

ЕхъулIэныгъэ гъыгъу кьыдольытэ илъэс блэкIам и кIэухым Осетие Ищхъэрэм и Ардон кьалэм кьыщытхьар. Кьалэм дэт Щэнхабзэмкlэ уардзуэнэм щекIуэкIащ Осетие Ищхъэрэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я дизайнер ныбжьыщIэхэм я «Колибри» фестиваль ин. УнэтIныныгъэ зыбжанэу зэщхьэщыкхуэ екIуэкIа а зэхьхьэм щыгъынныгъуэ зэмылIэужьныгъуэу 20-м щIигъу щагъэльэгъуащ. Киномрэ модэмрэ» унэтIныныгъэм и зэфIэкIкIэр щинъльэгъуащ ди гъэсэн, 10-нэ классым и еджакIуэ Зэкъет Каринэ. Абы зэпеуэм хуигъэхьэзырат «Пэсэр зэщIэзыIэтэ», «ФIыщIэ-хужь класс-икI» зыфIища щыгъыныгъуэ гупхэр. Дизайнер хъуну хуэй ныбжьыщIэм зэрыжиIэмкIэ, классикэ щапхъэм тет щыгъынхэр абы игъэхьэзыращ Шанель Коко теуухуа фильм хьэлэмэтым епльа нэужь. Каринэ игъэльэгъуэ фэнльхьэгъуэхэм яхэльт махуэщхуэ зэхьхьэхэм, гуфIэгъуэ пшыхьхэм хуэкIуэхэри, зи щIалъгъуэхэм махуэ кьэс щатIэгъуну кьекIу бостейхэри. Аэхэр псори зэмылIэужьныгъуэ защIэт, ауэ дэтхэнэри дахэт, екIут, удэзыхьэхт. КьэпщытакIуэхэм хуабжьу ягу ирихьащ Каринэ и Iэпэм кьыпыкIа «Пэсэр зэщIэзыIэтэ» бостейхэри. Ятыгъэ кьрихьа щыгъынхэм зэмылIэужьныгъуэхэмкIэ пщащэм а унэтIныныгъэм ящэ уеиныIэр кьыжьыкIащ, Щlыхь тхылъым щIигъуу саугъэт лъапIи кьратащ.

КьызэрытлъытэмкIэ, ди студием щекIуэкI лэжьныгъэр хуабжьу сэбэп кьэзыIэн мэхъу ныбжьыщIэхэм гъащIэм кьыщыхахьну Iэщlагъэр нэхъапIуэкIэ убзыхуа хъунымкIэ. Ди гъэсэнхэм ящыщ зыбжанэ школ нэужьым щIэтIысхьащ Налшык дэт дизайнымкIэ колледжымрэ промышленность псынщIэм и лэжьакIуэхэр Iэщlагъэм щыхуагъаса еджапIэмрэ. Дэ кьызыдогъэпэщ щэнхабзэ зэхьхьэ зэмылIэужьныгъуэхэри. Апхуэдэу ныбжьыщIэхэр ешэлIа мэхъу гъуэзджэм, макъамэм, кьафэм я дунейм.

Студием и Iуэхур зэрефIэкIуэным гулъытэ хэха хуещI ди курыт школым и унафэщI Шорэн Фусэ. Абы кьыдделIыгъ ди жэрдэмщIэхэр, лэжьыгъэм кьащыдгъэсэбэп хьэпщыпхэр зэдгъэгъуэтынымкIэ, технологиемкIэ дерсхэр кьызыхуэятыншэу кьызэгъэпэщынымкIэ Iыгъ кьигъанэрэ кьым.

ЗэрытщIэщи, дахагъэм сабинипсэр еуэзщI. Абы и фIыгъэкIэ, ныбжьыщIэхэм я зэхэщIыкIыр нэхъ куу мэхъу, я гупсысэми зешэщI. Апхуэдэу щыныткIэ, балигъэр дыхуэсакьын хуейщ кьытщIэхъуэ щIэблэм зегъэужьныным, я зэфIэкIхэм хэгъэхъуэным, лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я фIыгъуэхэм ешэлIэным.

КЪАРДЭН Ларисэ,
Аруан кьуажэм дэт курыт школым технологиемкIэ и егъэджакIуэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

РЕДАКЦIЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаго Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЩIындий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, ЕмщIэныдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщIымыщI Иэ.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5, ещанэ Iанэ кьат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ Iапи Iэхэм ядолжьэныжьмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пысымохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапи Iэм - 42-26-41; суэрэттехьэ - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэхэр зытхахэм ящэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынар и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральэ пощт зэпыщIэныгъэкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хунтыныгъэр хьумэныжьмкIэ Кьэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапи Iэм № II-0065-м щIэту ятащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Кьашокъуэ Эллэ, редактору Щоджэн Iэмиат, корректорхэр Щоджэн Инэ *(1, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*, корректорхэм я дизайныкъуэгъу Мырзэкан ФатIимэ. *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ* Iыр Саидэ, Мэзбахьэ Анжелэ, *суэрэттехьэ елэжьар* Бицу Жаниэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм зыгъэхьазыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.155 ● Заказ №281